*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

12+

№ 11 (7329) РУЗМАН 17 март 2023 сон

## Призывалъулаб комиссиялъул заседание

ЧIарада райадминистрациялда тIобитIана призывалъулаб комиссиялъул данделъи районалъул бетIер МухIидин




МухIамадовасул нухмалъиялда гьорлъ. Гьоркьор лъурал аслиял суалал рукIана армиялде хьулухъ гьабизе унел ихдалил ахIиялъул призывникал хIадур гьари ва призыв гIуцIараб къагIидаялда тIобитIи.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель ХIусен ГIарабиевас, районалъул прокурор Запир МухIамадовас, ОМВДялъул отделалъул начальник МусахIажи Саламовас, рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас, гьединго росабазул поселениязул бутIруз ва ВУСазул специалистаз.

Данделъи байбихьулаго районалъул бетIерас лъазабуна: «Жакъа республикаялда ва гьединго районалда цебе лъун буго хасаб масъала. Нилъее хIажат буго кинабго гьабизе кколеб хIалтIи буссинабизе тIаде щолеб бугеб призывалъулаб кампания районалда тIадегIанаб даражаялда ва гIуцIараб къагIидаялда инабизе. ТIоцебесеб иргаялда къваригIун буго бичIчIи кьеялъулаб хIалтIи гьабизе гIолохъанаб гIелалдехун ва гьезул эбел-инсудехунги, гьезухъе мухIканаб баян щвезабизе, гьанже армиялде тIадаб рагъулаб хьулухъ гьабизе унел гIолилал ритIулел гьечIин СВОялда гIахьаллъизе, гьез хьулухъ гьабизе бугин гIицIго РФялъул гIорхьода жаниб», – ян.

Прокурорас жиндирго иргаялда росабазул поселениязул бутIрузул ва ВУСазул хIалтIухъабазул пикру буссинабуна, гьез жидерго хIалтIи рагъулаб комиссариаталъул ва цогидалги жавабиял гIадамазда дандги бан цадахъ рекьон гьабизе ккеялде.

«Гьанже бугеб ахIвал-хIал ине ккола щивав чияс жиндирго ихтиаралги ва тIадал ишалги цIунун. Призывникасда бичIчIизе ва лъазе ккола гьеб кинабго хIалтIи гьабулеб букIин жиндирго гIоло, гьединго гьесда бичIчIизе ккола цогидаб рахъги – нагагьлъун тIадаб хьулухъалдаса вахчани, гьелъие кинабгIаги гIиллаги гьечIого, гьелъ лъикIлъиялде вачунареблъи. Гьесда жакъа бичIчIичIого букIине бегьула жинцаго гьабулеб хIалтIи метер гьесул лъималазде ва лъималазул лъималаздеги бахъине бегьулеблъи. Цадахъаб ва пайда кьолеб хIалтIуда бараб букIине буго ихдалил призывалъул кампания гIуцIараб къагIидаялда тIобитIиялъул хIалтIи. Чан гIолохъанчияс Россиялъул армиялъул кьеразулъ хьулухъ гьабизе бугеблъи лъаялъе», – ян бицана Запир МухIамадовас.

Гьелда цадахъго районалъул рагъулав комиссарас бицана гьабсагIаталда призывалда цадахъго унеб бугин тIолабго улкаялдаго ва нилъер республикаялдаги рагъулаб хьулухъалде контрактникал ракIариялъул хIалтIи, гьелъул хIакъалъулъги ине бокьаразда цебеккунго лъазабизе ккеялъулги.

«Нилъеда цебе чIун буго тIубазабизе кколеб кIвар цIикIкIараб хIалтIи. ХIажат буго лъазаризе кIвар бугел суалал. Щивав призывникасдехун гьабизе ккун буго хасаб хIалтIи, щайгурелъул повестка щивав гIолохъанчиясда кодоб кье-

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*

## Райадминистрациялда




ЧIарада районалъул администрациялда районалъул бетIерасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана совещание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна гьесул заместителал ХIусен ГIарабиевас ва МухIамад ГIумаровас, ОМВДялъул отделалъул начальник МусахIажи Саламовас, росабазул администрациязул бутIруз ва районалъул идарабазул нухмалъулез.

Совещание тIобитIулаго МухIидин МухIамадовас гIахьаллъаразе баян гьабуна 18 марталда районалда букIине бугеб субботникалъул. Гьединго росдал администрациялъул бутIрузда тIад къана росабазул жамагIатазда субботник букIине бугилан лъазабизе. Гьабураб хIалтIул хIасилги сураталгун цадахъ районалъул администрациялде битIеян.

Хадув докладгун кIалъазе вахъарав администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас бицана 2022 соналъул бюджеталъул хIасилазул. Гьес тIадчIей гьабуна 2022 соналъул 1 январалда хутIун рукIарал гIарцул сурсатазда, гьеб ккола буго 22139,7 азарго гьурущ, гьелдаса 19515 азарго районалъул ва 2624,3 азарго росабазул. ЛъагIалил ахиралда счеталда хутIараб гIарцул къадар ккана 17870,5 азарго гьурущ. Районалъул 13453 азарго гьурущ, росабазул 4416,7 азарго гьурущ. Республикаялъул бюджеталде нахъ буссинабизе кколаан 1760,249 азарго гьурущ, гьединго школазул госстандарт



361938,26 гьурущ, ясли-ахазул госстандарт 114585,94 гьурущ, эбел-инсуца кьураб гIарцудаса рецIел хIисабалда нахъе кьолеб гIарац 977600 гьурущ, эбел-эмен гьечIел ятимазе кьолеб 258796 гьурущ, административияб комиссия – 53329 гьурущ.

ХIисаб кьеялъул заманалда районалъул бюджет 12 моцIалда жаниб тIубазабун буго доходазул рахьалъ 456182,7 азарго гьурущалъ ва расходазул рахьалъ 450355,6 азарго гьурущалъ.

Хадув кIалъазе вахъарав ЧIарада районалъул «ЕДДС» МКУялъул нухмалъулев МухIамад Жаватхановас бицана 2022 соналда жидерго учреждениялъ гьабураб хIалтIул. Гьесул рагIабаздалъун 2022 соналда ракIалда гьечIел балагьал, лъугьа-бахъиназул хьвайхьвагIай гьабун гьечIоан, букIана 2 цIикIкIараб хIалуциналъул хIадуриязул.

2022 соналда «ЕДДС» МКУялъул дежурниясул пульталде бачIана 418 звонок.

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*



## Гьутаналде сапар



Дагъистаналъул правительствоялъул председателасул заместитель Нариман ГIабдулмутIалибов ва ДРялъул росдал магIишаталъул ва буголъиялъул министр Мухтарбий Аджеков щвана ЧIарада районалъул «Арчиб» СПКялъул гIи-боцIиялъ хасел тIамулеб бугеб куцалъул хал гьабизе, гьезул гIи-боцIи буго гьабсагIаталда гочинабун гьеб хьихьулел ракьазда.

«Арчиб» СПКялъул буго гIага-шагарго 12 азаргогIанасеб гIи-цIани. Дагъистана-



лъул мугIрузул тайпаялъул 9,1 азарго гIиялъажо буго кьинлъулеб, эбелаб бетIер.

Племхозалда хасел тIами унеб буго гIадатияб къагIидаялда. МагIишаталда гIураб къадаралда чIезабун буго жидеда хадуб щулат гьабураб 5 гектаралда гIезабураб харил нахърател, буго кормаги. ГIи кьинлъдал хIалтIиги магIишаталда унеб буго лъикIго, кьегIер-тIинчI цIуниги буго 100 процентальулаб.

Правительствоялъул делегациялда цадахъ рукIана Дагъистаналъул ветеринарияб комитеталъул председатель МухIамад Шапиев ва Республикаялъул гочинабун гIи-боцIи хьихьулеб управлениялъул нухмалъулев Наби ГIабдулхIамидовги.

## Нилъер ракьцоясе баркала



Нилъер ракьцояв Ражаб Набиевасе баркала загьир гьабулеб буго Хунзахъ районалъул бетIер Н. Задиевас.

*«Жакъа дие баркала загьир гьабизе бокьун буго ЧIарада районалдаса унгоунгояв магIарулав Набиев Ражаб Ибрагьимовичасе.*

*Гьес бажарараб кумек гьабулеб буго СВОялда гIахьаллъулел нилъер гIолилазе, кьолел руго гьезие лъикIал насихIаталги.*

*КIудияб кумек гьабулеб буго Ражабица рагъда хваразул жаназаби рокъоре щвезариялъе. Нилъер районцояв отделениялъул командир ГъазимухIамадов АхIмад Исрапилович щвезавиялъеги тадбир гьабуна Ражабица. АхIмад вукIана хIалбихьи бугев рагъухъан. Гьес 2018-2019 соназда гIахьаллъи гьабуна Сириялда рукIарал тунка-гIусиязда. ТIоцересел кьояздасаго байбихьун гIахьаллъи гьабуна Украинаялда унел рагъазулъги...»*, – ян хъвалеб буго Задиевас.

Ражаб Набиев гьавуна ва гIуна ЧIарада районалъул Гьилиб росулъ. 1998 соналда лъугIана школа. Москваялъул нухазул университеталда цIалун 2008 соналда щвана диплом. 2009 соналда Ражаб хIалтIизе лъугьана Сочиялда Олимпиадаялде рарел бакIазда ток бачиялъул жавабиявлъун. 2014 соналда хIалтIана Ростовскияб областалда маххул нухазда. 2017 соналда гIахьаллъана Калининградалда ва Волгоградалда футболалъул дунялалъул чемпионаталде хIадурлъиялда.

2022 соналдаса нахъе Ражаб хIалтIулев вуго ДНР, ЛНР, Херсоналъулаб ва Запорожалъулаб областазда токалъул объектал цIи гьариялъул рахъалъул нухмалъулевлъун.

## Райадминистрациялда

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

Телефоназдаса №112 бачIана 207 звонок. Киналго ахIиял росун руго хъулухъалъул архивалде ва гьел цIунула 3 соналъ. ЧIарада районалда ток 2022 соналда кьотIизабуна – 117 нухалъ. Гьезда гьоркьосан авария ккун – 29, кварал тIун – 13, хIубал щапун – 1 нухалъ. Кварал данде кьабун яги замыкание ккун – 15 нухалъ, иргадулал (плановиял) хIалтIаби гьаризе ток къана – 59 нухалда. Машинабазул авария 2022 соналда ккана – 1, ракIалда гьечIел лъугьабахъинал ккана – 2, гьенив хвана – 2 чи.

Совещание бачулаго районалъул администрациялъул бетIер М. МухIамадовас тIадчIей гьабуна къвакIараб мусоралъул утилизация гьабиялда хурхараб суалалда.



«Нилъер республикаялда рищни-къул бакIариялъул хIалтIи гьабула дагъисталъул Минприродоохранаялъ. Районалъул ракьаздаса рищни-къул баччиялъул хIалтIи тIад къан буго регионалияв операторасда. Гьесда тIадаб хIалтIи буго рищни бакIари ва бихьизабураб бакIалде щвезаби», – абун баян гьабуна районалъул бетIерас. Гьединго гьес бичIчIизабуна рищни-къул росабаздаса баччаралъухъ киналго цIаракиязда тIадаб бугин жиндир заманалда мухь кьезе.

Данделъиялъул ахиралда районалъул имамзабазул Советалъул председатель ШагIбан ХIапизовас бицана тIаде бачIунеб Рамазан моцIалъул хиралъиялъул ва гьаризе ккола адабазул, гьабуна лъикIаб дугIаги.

## ТIолгороссиялъулаб конкурс «Живая классика – 2023»



ЧIарада районалъул лъималазул тIадеги лъай борхизабиялъул централда тIобитIана «Живая классика – 2023» тIолгороссиялъулаб конкурсалъул муниципалияб этап.

Конкурсалда гIахьаллъи гьабуна районалъул лъай кьеялъул 12 гIуцIабаздаса 30 гIанасев цIалдохъанас. Гьел рукIана рехсараб конкурсалъе хIадурлъиялъулал ва школазул этапазда бергьарал цIалдохъаби. Гьез рикIкIана россиялъул ва къватIисел пачалихъазул хъвадарухъабазул асарал.

Конкурсалъул хIасилал гьарулаго жюриялъул председатель, районалъул администрациялъул опекаялъулгун попечительствоялъул суалазул рахъалъ бетIерай специалист ПатIимат Мусаевалъ рикIкIана конкурсалде лъимал лъикIго хIадурун рукIин.

Муниципалияб этапалда лауреаталлъун рахъана: «Сердце земли» абураб хабар бицарай ЦIуриб СОШалдаса С. Дибирова, «О чем думает моя голова» абураб композиция рикIкIарай Магъар СОШалдаса Л. Юсупова ва «Актер» бицарав ЧIарада ООШалдаса А. ГъазимухIамадов. Гьез гIахьаллъи гьабизе буго регионалияб конкурсалъул этапалда.

Киналго бергьаразе ва тадбиралда гIахьаллъаразе кьуна данде кколел дипломал.



## Руччабазда гьоркьоб торгIо хIаялъул къецал

11 марталда ЦIуриб росулъ физкультуриябгун сахгьариялъул комплексалда «Горянка-хранительница семейного очага» абураб ахIиялда гьоркь тIобитIана руччабазул командабазда гьоркьоб ЧIарада районалъул волейболалъул чемпионат.

ХIай буссинабун букIана Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо 8 марталда ва заман щвелалдего гIумруялдаса ятIалъарай ХIурухъ росулъа Раисат ТIахиева ракIалде щвеялъул мурадалда. Раисатие цIакъ бокьулеб букIана волейбол хIазе, кидаго гIахьаллъулаан батIи-батIиял къецазда ва гьелъул командаялъе кколаан призалъулал бакIалги.

Чемпионаталда гIахьаллъи гьабуна 7 командаялъ. Гьенир баркиялъул кIалъаялгун, данделъаразда цере рахъана районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаров, районалъул лъай кьеялъулгун культурияб отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаев ва районалъул руччабазул Советалъул председатель ГIайшат Халилова.



Къецал гIуцIаразе ва гIахьалчагIазе баркала загьир гьабуна Раисат ТIахиевалъул гIагараз ва гьей йокьулей рукIараз.

ТIаде балагьизе ва жидежидер командабазул рахъ ккезе рачIун рукIана торгIо хIаялъул ветеранал ва ЦIуриб, Магъар, ГIириб росабазул поселениязул бутIрул.

Чемпионаталъул хIасилал гьарулаго тIоцебесеб бакI ккуна ЦIуриб росдал командаялъ, кIиабилеб бакI щвана Магъар росдал командаялъе ва лъабабилеб бакIалъе гIей гьабуна районалъул больницаялъул командаялъ.

Бергьарал командабазе тадбир гIуцIараз кьуна дипломал ва къиматал сайгъатал.

Гьединго киналго командабазе гIарцулал сайгъатал кьуна ТIахиевазул хъизаназги.

Хасаб сайгъат щвана «Мукракь» командаялъе. Гьений капитанлъун йикIана волейболалъул ветеран Гульжанат ГIабдулаева. Цебесеб кьоялъ гьелъие тIубана 60 сон. Гульжанатида юбилей баркана ва гьел хIаязул ракIалде щвеялъул кубок сайгъат гьабуна.

ТоргIо хIаялъул къецал гьенир ана гIуцIараб къагIидаялда лъикIго ва аваданго.



# 10 март – архивалъул къо

Россиялда архив гIуцIана 1918 соналъул 10 марталда ЦИКалъул хIукмуялда рекъон.

1922-1939 соназда архив букIана СССРалъул ЦИКалда гьоркьоб.

1961 соналда СССРалъул министразул Советалда цебе гIуцIана архивалъул Управление.

1992 соналда Россиялъул хIукуматалда цебе гIуцIана архивалъул хIалтIул Комитет.

1994 соналда Россиялъул Федералияб архивалъул хасаб хъулухъ гIуцIана.

2004 соналда гIуцIана архивалъулаб агенство.

1923 соналъул 4 июлалда ДАССРалъул Централияб исполнительнияб комитеталъул хIукмуялда рекъон гIуцIана Дагъистаналда архивалъулаб хъулухъ, **исана тIубала 100 сон.**

1962 соналъул 12 февралалда ДАССРалъул министрзабазул Советалда цебе гIуцIана архивалъул отдел.

ГьабсагIаталда архивазул учреждениязе нухмалъи гьабулеб буго Министерство юстициялъул архивазул ишазул Управлениялъ.

ДАССРалъул ЦИКалъул ва Халкъиял комиссаразул Советалъул хIукмуялда рекъон 1935 соналъул 22 февралалда гIуцIана ЧIарада райисполкомалда цебе районалъул архив, исана тIубана 88 сон.



Районалда архивалъул документал данде ракIаризе байбихьун буго 1945-1946 соназда.

1947 соналда милициялъул райотделениялда цебе гIуцIана архивалъул отдел.

1948 соналда байбихьун буго колхозаздасан ва росабазул Советаздасан архивалъулал документал ракIаризе.

1960 соналда архивалъул отдел гIуцIана райисполкомалда цебе, гьелдаса хадуб хиси гьечIого гьеб буго райисполкомалда – райадминистрациялда цебе.

Архивалъул щибаб къойилаб хIалтIи гIуцIизе къучIое босула «Об архивном деле в Республике Дагестан» абураб 11 апрелалда 2005 соналда бахъараб № 15 ДРялъул закон.

Архив ккола батIи-батIиял кIвар цIикIкIарал документал цойиде ракIарулеб, цIунулеб, гьел къватIире кьолеб, нилъер районалъул учреждениязул, организациязул ва росдал администрациязул архивазул хIалтIи рекъезабулеб, ва гьезул халгьабулеб идара.

Районалъул архивалда буго 50 фонд. Гьениб кинабниги цIунун буго 8174 документ, хасаб программаялда «ПК АФ – 3» рекъон киналго документал росун руго компьютералде жанире. Гьел руго, аслияб куцалъ, 1926-2015 соназул документал. Щибаб соналда архивалде документал къабул гьарула районалъул бетIерасул амруялда рекъон хасаб графикги гьабун, Дагъистан республикаялъул юстициялъул министерствоялда дандги бан.

Архивалда цIунулел руго 1042 хозяйственниял тIухьдул ва 731 управленческиял документал.

БакI ккун букIадго, бокьун буго гьаб архивалъул профессионалияб байрам ракIракIалъ баркизе церехун соназда хIалтIулел рукIарал архивалъул хIалтIухъабазда ва архив цIунулезда.

Архивалъул кIвар цIакъго цIикIкIараб буго. Жакъа архивалда цIунараб документ гIемерал гIасрабаздаса хадубги батулеб нугI буго.

ЦIуне архив!

КIочон тоге архив районалъул меседилаб тIину кколеблъи.

***Районалъул администрациялъул архивалъул бетIерав хIалтIухъан***
***М. КЪАДЫРОВ***

# Полиомиелиталде данде

Дагъистаналда гьоркьоса къотIизе течIого унеб буго лъималазе тIадеги полиомиелиталде данде туралъул иммунизация.

Полиомиелиталде данде туралъул иммунизация гьабулеб буго лъабго моцI барал лъималаздаса байбихьун ичIго сон бугезде щвезегIан.

Полиомиелиталде данде прививка гьабизе ккола киналго лъималазда. Полиомиелит сах гьабуларо, амма нахъ чIвазабизе бегьула иммунизациялъул кумекалдалъун.




# Военный комиссариат объявляет

Военный комиссариат Чародинского района объявляет о начале предварительного отбора кандидатов из числа граждан, прошедших и не проходивших военную службу, для комплектования первых курсов военных образовательных организаций высшего образования Министерства обороны Российской Федерации и федеральных органов исполнительной власти для обучения по программам с высшей и средней военно-специальной подготовкой в 2023 году.

В качестве кандидатов рассматриваются граждане в возрасте от 16 до 22 лет, не проходившие военную службу, и граждане, прошедшие военную службу, военнослужащих, проходящих военную службу по призыву, до достижения ими возраста 24 лет, кандидаты на поступление в



высшие образовательные организации Министерства обороны Российской Федерации на обучение курсантами и по программе со средней военно-специальной подготовкой рассматриваются граждане, имеющие среднее общее образование, до достижения ими возраста 30 лет.

Лица из числа граждан, не прошедших военную службу, изъявившие желание поступать в военные ВУЗы подают заявления в военный комиссариат по месту жительства до 20 апреля года поступления.

Документы, оформляемые кандидатом:

- автобиография;
- копия свидетельства о рождении;
- копия паспорта;
- копия документа о среднем образовании (для учащихся справка о текущей успеваемости, с указанием изучаемого иностранного языка);
- характеристика с места учебы;
- три цветные фотографии (без головного убора, размером 4,5 х 6);
- справки из районного отдела внутренних дел;
- карта профессионального психологического отбора;
- карта медицинского освидетельствования;
- амбулаторная карта развития ребенка.

По интересующим вопросам обращаться в военный комиссариат по месту жительства.

Также вся информация расположена на сайте Министерства обороны Российской Федерации.

Кроме того, начинается новый набор призывников на бесплатное обучение в ДОСААФ Махачкалы! Молодые люди призывного возраста приглашаются для бесплатного обучения в ДОСААФ России по специальности «Водитель категории В, С, D» (ВУС 837). Набор на обучение уже начат.

Для записи на обучение вы можете обратиться в военный комиссариат Чародинского района.

# ГIелмуялъул сордо

10 марталда ЧIарада районалъул Кьосрода росулъ тIобитIана гIелмуялъул сордо.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна ЧIарада районалъул имам ШагIбан ХIапизовас, муфтияталъул лъай борхизабиялъул отделалъул нухмалъулев Салман Абакаровас ва Магъар росдал имам МухIамад Шариповас.

Жидерго кIалъаязда гьез бицана нилъее киназего хирияв МухIамад Аварагасул (с.гI.в.) суннатазда хадур рилълъине ккеялъул. Гьединго тIадехун рехсарал гьалбаз баян гьабуна, нижеда тIад вугев росдал имамасе, хIукуматалъул хIалтIуда нухмалъулесе, бетIерасе мукIурлъизе ккеялъулги. Гьединго бицана бертин гьабулаго, чи хварал бакIазда гьаризе тIадал берцинал гIадатазулги, Аллагьу тагIалаяс нилъеда тIад лъурал фарзал гIужда ва мухIканго тIуразаризе ккеялъулги.

Рехсараб мажлисалда гIахьаллъи гьабизе рачIун рукIана Дусрахъ, Цемер, ГIириб, Гьилиб, Магъар росабазул гIолилалги.

Данделъараз ислам лъаялда хурхарал суалал ва жавабал кьуна.

БитIун суалазе жаваб кьуразе щвана сайгъаталги.

Кьосрода росдал жамагIаталъ баркала загьир гьабуна гьалбадерие ва кьуна садакъаги.

***Э. АБАКАРОВ***



# Призывалъулаб комиссиялъул данделъи

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

зе кколин, жакъасеб къоялда гьеб рахъалъ дандчIвалел захIмалъабаздаса хутIулеб буго призывникас гIумру гьабулеб бакI лъангутIи. Гьелъие киналго тадбирал гьарулел руго щивав призывникасул хIакъалъулъ баянал лъазариялъе ва гьесухъе рагъулаб комиссариаталде вачIине кколеблъи лъазабиялъе повестка щвезабиялъе», – ян лъазабуна районалъул рагъулав комиссарас.



«Нагагьлъун призывникас ВУСалъул хIалтIухъабазул тIалабазе жаваб кьолеб гьечIони, ялъуни гьес гIумру гьабулеб бакI лъалеб гьечIони, хIажат руго гьенире участковыялги гIахьал гьаризе. Гьеб рахъалъ ниж кидаго хIадурал руго рагъулаб комиссариаталъе кумек гьабизе. Нижеца кумек гьабизе буго призывалъулаб кампания гIуцIараб къагIидаялда тIобитIиялъе», – ян тIадеги жубана МусахIажи Саламовас.

Баяналъе: ихдалил призыв байбихьизе буго 1 апрелалдаса 15 июлалде щвезегIан.

# Лъалищ нужеда?

Дунялалда тIад бищун кIудияб куйдуца гIумру гьабулеб буго Алтаялъул мугIрузда. Гьелда цIар буго аргали. Гьелъул бохдул руго цIакъго тIеренал, халатал (125 см). Аргалиялъул бакIлъи бащалъула 200 килограммалда. Гьелъул лълъурдул руго цIакъго чIахIиял, гьединлъидал гьелъ бетIер ккола борхатго. Гьезул гьоркьохъеб халалъи бащалъула 133 сантиметралда. Аргалиязул къадар соналдаса соналде дагьлъулеб буго. Россиялда гьел росун руго БагIараб тIехьалде ва законалда рекъон цIунула.

* * *

НекIо заманалдаса нахъе цо залимаб жанаваралъ жиндехунго хIурматги рокьиги бижизабуна инсанасул рекIелъ. Гьеб ккола гьалбацI. Нилъеца гьеб рикIкIуна рохьил парчахIлъун, хIайваназул ханлъун. ГьалбацIалда релълъинавула лебалав, тирияв, къуватав чи. ГьалбацIазул халалъи бахуна 3 метралде, цIайи – 180-230 килограммалда кIола 4 метралъул борхалъудасан кIанцIизе. ТIабигIаталъ барахщичIого кьун буго гьеб багьадураб рухIчIагольиялъе къуват. Цо кьабураб квачIалъ гьелъ чIвала 300 килограмм бугеб зебр.

* * *

ТIабигIаталъул щулияб бакIазда ракьул щибаб метралдаса ургъун пайда босун, тIатIала, балъаби амфитеатр гIадин рарал росаби жанире лъугьиндал чи къосунел лабиринтал тIокьарал къватIал, заманалъул гIужалда рекъон росулъ жаниб букIунеб хасаб микроклимат… Архитекторaз, гIалимзабаз жеги рагIаракьанде щун рагIи абун гьечIо некIсиял магIарул росабазул тIадегIанаб инженерлъиялъул махщалида гьел раялъул, гIуцIиялъул рахъалъ.

# ОМВДялъул лъазаби

ДРялъул ЧIарада районалда бугеб ОМВДялъ ЧIарада районалъул захIматчагIазе баян гьабулеб буго 2023 соналъул 13 марталдаса 24 марталде щвезегIан тIобитIулеб бугин тIолабго россиялъулаб наркотиказде данде чIараб «Сообщи, где торгуют смертью» абураб акция.

Акциялъул мурад буго – общественносталъулги гIахьаллъи букIинаби законалде данде ккоlареб къагIидаялда наркотикиял хурдул хьай, гьел ракIари, хIалтIизарулезда хадуб халги ккун гьезул хIакъалъулъ баян жанисел ишазде щвезаби. Гьелъ кумек гьабизе буго наркотиказдехун цIайи бугел чагIи сах гьариялъе ва гьединаздехун бичIчIи кьеялъулаб хIалтIи гьабизеги.

Нуж хIадурал ратани законалде данде ккоlареб къагIидаялда наркотикал хIалтIизарулезул баян лъазабизе, информация битIизе бегьула гьел хIалтIизарулел бакIазул хIакъалъулъ ва тIубараб сордо-къоялъго ахIизе бегьула телефоназул гьал номераздеги:

**99-69-39**
**(962)-774-00-22**

# *Авар кицаби ва абиял*

- Нилъерго хIал нилъедаго лъала.
- Нилъеца квараб чияр, чияца квараб нилъер.
- Нилъецаго абураб бокьулеб, чияца абураб бокьулареб. (Нису тIамун тIех кванан рукIин лъикI, тIад вугев чиясе наку чIвазегIан).
- Нилъецаго гьабичIеб нилъее батуларо.
- Нилъеца цIали лъабго къоялъ тани, цIалиялъ нилъ лъабго моцIалъ тола.
- Нич гьечIелъуб яхI гьечIеб.
- Носоца гуреб къотIулеб, квералъин.
- Нохъо тун, нохъо бацIцIалъиларо, нохъо чороклъулеб гIамал течIони.
- НугI гьечIеб жо – гьереси.
- Нусалда бичIчIизе ясалда абулеб.
- Нусго томеналъул багьаябги букIуна гьереси.
- Нух бекьуге, хур бекье.
- Нух гьечIеб кьуру букIунареб, кьо гьечIеб гIор букIунареб.
- Нух къваридав чи – хьитал къарав чи.
- Нух лъикIабани, нухда хер бижилаан.
- Нух цо гьабе, роцен кIиго гьабе.
- Нухда иналде гьалмагь валагье.
- Нухда унаго, радал хекко вахъа, бакъанида хекко рещтIа.
- Нухда лъин, лъеда гьобо.
- Нухлул халалъиялде валагьуге, чIолеб бакIалде валагье.
- Нухъа бахъаралъуб хьвек рещтIуна.
- НуцIил кIалтIаго – хIеж, хIобокьго – алжан (лъадилъун ячинесей яс мадугьалихъго ятараб мехалъ).
- Огь, бачIараб чIагIа, чIегIераб тIокIкIел, чIартил ракI бугесда маххул ракI гьолеб (халкьияв рагIаби).
- Огь, берцинай, берцинай, бецичIого ссан тарай;
- Огь, чIухIарай, чIухIарай, чIарачIого хур тарай.
- Огьогьоялъ гьорчо кколаро.
- Ордекалъул тIанчIида ханинибго лъин лъалеб.
- Охолиса бекьичIеб хаслихъе босулареб.

# ГIемерал унтабазе дару

*(Байбихьи цебесеб номералда)*

**РАКI**

Кумек гьабула рекIелгун бидурихьазул унти ккеялдаса цIунизе. Эмори университеталда гьарурал цIех-рехазда чIезабун буго рожол нахалъ кумек гьабулин рекIел сахлъи цIунизе, хасго приступ бачIун хадуб. Гьединго нахалъ кумек гьабула диабеталъ унтарал кардиомиопатиялдаса цIунизеги. Кардиомиопатия лъугьиндал чорхолъ би хьвадиялъул низам хола ва гьеб хведал чиясул гIумруялъе хIинкъиги ккола.



Ражиялъ кумек гьабула бидул кьаби ва холестериналъул къадар рукIалида чIезабизе. Пайдаяб буго бидул кьаби цIикIкIараб букIунезе. Бидурихьазда тромб ккезеги гьукъула.

**ЦЦИН**

Ражипералъулъ ругел цо-цо гIуцIабаз лъама гьабула ццин ва гьелъулъ ганчIал лъугьине толаро. Ццидал къвачIаялъур ганчIал лъугьунел руго кванилъ кьарияб нигIмат гIемер хIалтIизабиялъ.

**ТIУЛ**

ЦIех-рехаз бихьизабуна ражипералъулъ ругел веществабаз тIулалъ ферментал лъугьин цIикIкIинарулеблъи. Ферменталги ккола квен, дару-хер, жанибе цIалеб хIухьелалда цадахъ чорхолъе рачIунел заралиял жал чIвалеб жо. Ражипералъ лъикIаб хIал гьабула бихьиназул жинсияб гIуцIиялъегун простатиталъе. Спорталде машгьурлъарал чагIазе ччорбал рачIинаризеги кумек гьабула.

**РУЧЧАБАЗЕ ПАЙДА**

Ражи кванаялъ цо-цо гормоназул къадар лъикIлъизабиялдалъун ракьаялъул цIайи дагьлъизе толаро. Гьеб кванаялъ бигьа гьарула цIил (хрящ) ва гьелда сверухъ ругел тканазул цIороялъулал гIаламатал.

Руччабазул накабазда ва цогидалги сукIалабазда цIикIкIун гьан, яги кьаралъи лъугьун букIунеб унтиялъул захIмалъи 12 анкьалъ ражи хIалтIизабиялъ дагьлъула.

**ЗАРАЛ**

Ражипер кваназе лъикIаб гьечIо чIобогояб кванирукьалда тIад. Кваназе гьединго лъикIаб гьечIо язва, гастрит, геморрой, эпилепсия, тIул, бакьал, ургьисалаби унтаразеги.

Кьариял чагIаздаги лъазе ккола гьелъ кванде гьира базабулеблъи.

Гьеб кванайдал, кIалдиса махI инелъун, лъикIаб буго рахьги гьекъон кIал ххулизе, лимон, петрушка кваназе.

**ЧIАРАДА**
**Директор МБУ «ЕИС»** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*